

# CHACHE SOLISYON ANDEYÒ SANT LAN

Egzansyon baze lakay epi nan kominote a

## ABI

PWOGRAM EGZANSYON  
POU DOMAJ NAN SÈVO

## MFP

PWOGRAM EGZANSYON  
POU PLAN VANSE POU PI  
DEVAN AN

Ap ede manm MassHealth kite yon sant swen  
enfimye oubyen yon lopital pou sejou pwolonje  
pou yo retounen nan kominote pa yo a.



COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS | MassHealth

# ENFÒMASYON SOU PWOGRAM EGZANSYON YO

Egzansyon lakay epi nan kominate fèt pou manm MassHealth ki ta otreman bezwen swen ki baze nan sant.

## Viv yon lavi pi otonòm.

Si w yon rezidan eta Massachusetts ki rete nan yon sant swen enfimye, nan yon lopital pou maladi kwonik, oubyen nan yon lopital pou reyadaptasyon, ou gendwa kite li pou al viv yon kote ou pi otonòm avèk sèvis epi sipò egzansyon.



**"Mwen di moun ki siviv domaj nan  
sèvo, pa gen anyen nou pa kapab fè.  
Anyen menm."**

Mwen te fè yon gwo aksidan vaskilè serebral (estwok) gen senk lane desa. Si se pat pou egzansyon ABI-N (egzansyon pou domaj nan sèvo san reyadaptasyon rezidansyèl), mwen ta toujou nan sant reyadaptasyon an. Men alèkile se nan yon apatman ki adapte mwen rete epi m viv yon lavi otonòm. Mwen gen transpò pou m al nan aktivite ki enpòtan pou mwen. Avèk egzansyon an — epi avèk detèminasyon, devouman, epi volonte — m ap kontinye refè pandan m nan kominote a.

### **Men 5 pi gwo rezon pou w patisipe**

1. Vin jwenn yon lavi otonòm ankò
2. Vi prive nan jan wap viv
3. Transpò pou ale nan aktivite kominotè yo
4. Aparèy ou bezwen pou lakay ou, pou kapab soti epi pou deplase
5. Ou dirije pwosesis planifikasyon an pou sèvis egzansyon ou yo, ansanm ak yon responsab ka oubyen kowòdonatè sèvis





## KILÈS KI KALIFYE

Pou kalifye pou egzansyon ABI ak MFP, se pou moun lan :

- Yon adilt ki gen andikap oubyen ki alaj 65 lane oubyen pi plis
- Tap viv nan yon sant pou omwen 90 jou
- Kalifye finansyèman pou MassHealth Standard nan kominote a
- Satisfè kondisyon klinik yo
- Gen yon ABI ki te rive alaj 22 lane oubyen apre sa (*obligatwa sèlman pou egzansyon ABI yo*)





# KI SÈVIS YO BAY

Tou depann de egzansyon an, sèvis yo gendwa enkli :

- èd pou retounen nan kominote a apre w fin kite yon sant
- amenajman pou kay ak vwati
- sèvis rezidansyèl
- sèvis pre-pwofesyonèl ak sèvis sipò pou anaplwa
- transpò
- swen pèsonèl
- sipò familyal



Chak patisipan nan egzansyon an gen yon responsab ka pou egzansyon an oubyen yon kowòdonatè sèvis ki kowòdone sèvis yo pou sa gen siksè nan lavi kominotè a.

# MEN KI OPSYON W GENYEN

Pwogram egzansyon  
pou ABI ak MFP

Si w rete nan yon sant, epi  
w ap reflechi sou kijan ou  
kapab kite l epi gen yon  
lavi pi otonòm, nou envite  
w pou aplike pou youn nan  
pwogram sa yo.



## ABI

## PWOGRAM EGZANSYON POU DOMAJ NAN SÈVO



Egzansyon ABI-RH  
Reyadaptasyon  
rezidansyèl

Pou adilt ki gen ABI\* ki  
bezwèn sipèvizon 24 sou 24  
ak estaf nan yon rezidans ke  
yon founisè jere

Egzansyon ABI-N  
San reyadaptasyon  
rezidansyèl

Pou adilt ki gen ABI\* ki pa  
bezwèn sipò / sipèvizon 24  
sou 24, men ki bezwen sèvis  
egzansyon lakay pa yo a

\*ABI yo ki kalifye gendwa enkli domaj nan sèvo difèt yon  
aksidan vaskilè serebral (estwok), chòk nan sèvo, enfeksyon,  
timè nan sèvo, oubyen anoksi. Lis sa pa yon lis konplè.  
Twoub ki sanble demans pa kalifye.



# MFP

## PWOGRAM EGZANSYON POU PLAN VANSE POU PI DEVAN AN



Egzansyon MFP-RS  
Sipò rezidansyèl

Egzansyon MFP-CL  
Vi kominotè

Pou adilt ki bezwen  
sipèvizon 24 sou 24 ak  
estaf nan yon rezidans ke  
yon founisè jere

Pou adilt ki pa bezwen  
sipò / sipèvizon 24 sou  
24, men ki bezwen sèvis  
egzansyon lakay pa yo a



Anjeneral, rezidans ke yon founisè jere se kay ki  
pran 4-5 gwoup moun, apatman ki bay asistans pou  
viv, oubyen aranjan pou viv ki fèt ak plizyè lòt moun  
Kominike avè n pou w jwenn plis enfòmasyon.



## KIJAN POU W APLIKE

Si w gen késyon oubyen ou ta renmen plis enfòmasyon, an kontan kijan pou w aplike, ou mèt komuniké avè n tanpri.



[https://www.mass.gov/  
service-details/information-  
about-home-and-  
community-based-  
services-waivers](https://www.mass.gov/service-details/information-about-home-and-community-based-services-waivers)



Initi Egzansyon pou ABI/MFP  
UMass Medical School  
**855-499-5109**  
(TTY : **800-596-1746**  
pou moun ki soud, ki  
tande di, oubyen ki gen  
andikap nan langaj)